ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№74 (24.356) • 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# ЩІалэгъуалэр наркотикым пэІэщІэ зэрыщащІыным иропІейтей

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Наркотикым пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ полномочнэ лІыкІуэм и Аппаратым КъБР-мкІэ и федеральнэ инспектор Васильченкэ Дмитрий, республикэм и министрхэр, щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр.**



ЗЭІУЩІЭМ и лэжьыгъэр сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 15-м къызэтригъэувыІащ КІуэкІуэ Казбек икІи абы кърихьэлІа псори хэтащ а махуэм, мэкъуауэгъуэм и 22-м, къыхузэрагъэпэща къэралпсо щыгъуэ дакъикъэм. Дызэрыщыгъуазэщи, Щыгъуэмрэ фэеплъымрэ я махуэу ягъэувауэ Хэку зауэшхуэр щыщІидзарщ ар. Фигу къэдгъэкІыжынщи, урысейпсо щыгъуэ дакъикъэр гъэ къэс мэкъуауэгъуэм и 22-м егъэкІуэкІын зэрыхуейм теухуа унафэм УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ тридзауэ щытащ 2020 гъэм. А дакъикъэм хэтащ Урысей Федерацэм щыпсэу псори, я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыІэу, уеблэмэ радиоми телевиденэми нэтынхэр зэпагъэууэ.

Комиссэм хэтхэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар щІалэгъуалэр наркотикым демыгъэхьэхынырщ, абы нэхъри пэІэщІэ щІынырщ. ЗэІущІэм щыІуащ зэпхьэлІэну хуит ямыщІа пкъыгъуэхэр зэбгрыгъэкІыным иджырей технологие Іэмалхэри къызэрыщагъэсэбэпым. Апхуэдэхэщ интернет-тыкуэнхэр, «электрон бохъшэхэр», зэІэпызыххэр зэримыхьэлІэу сату зэращІ щІыкІэхэр. Республикэм и Іэтащхьэм и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъакІуэм епха щІэпхъаджагъэу щІыналъэм къыщыщІагъэщхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Абы къыдэкІуэу жиІащ оперативно-къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэми профилактикэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэми адэкІэ зегъэужьын зэрыхуейр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр **Павлов Василий** зэхуэсым щыжиІа хъыбарым тепщІыхьмэ, илъэс блэкІам къриубыдэу наркотикхэр, зэпхьэлІэну узыхуимыт пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр ди республикэм къызэрырашэ Іэмалрэ гъуэгуу 27-рэ зэхуащІащ. Къэпсэлъэныгъэм къыхэщащ наркотикым епха щІэпхъаджагъэхэр щІыналъэкІэрэ зэрызэпыщІар, абы къыхэкІыу ахэр сэтей къэпщІыным гугъуехьышхуэ зэрыхэлъыр.

Апхуэдэу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ наркотик щхъухьыр зэзыхьэлІэхэр и чэзум, хэмытІасэ щІыкІэ къэхутэным, абы ирисымаджэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэрырат Іэмалхэр зэпымыууэ егъэфІэкІуэным гулъытэшхуэ дяпэкІи хуэщІын зэрыхуейми, волонтёр зэщІэхъееныгъэм хэтхэм абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэ купщІафІэ зэрырагъэкІуэкІми.

ЗэІущІэм жыджэру хэтащ, къыщаІэта Іуэхугъуэхэмкіи зи пашэ ІэнатІэхэм щызэфІах лэжьыгъэхэр, я Іуэху еплъыкІэхэр къагъэлъэгъуащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим** сымэ. Комиссэм и зэхуэсым къыщаІэта Іуэхугъуэхэмкіэ мы зэманым ялэжьыпхъэхэм теухуа дэфтэрхэр къащтащ, къалэнхэр яубзыхуащ.

**ТАМБИЙ Линэ**.

# Фи насып текІуэну!

**КъБР-м и Іэтащхьэр курыт школыр къэзыуххэм гуапэу ехъуэхъуащ.**

«СИГУМИ си псэми къабгъэдэкІыу курыт школыр къэзыуххэм сохъуэхъу я гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ а къэхъукъащІэмкІэ. Фэ зэпыфчащ япэу уэзджынэр къыщыфхуеуам къыщыщІэдзауэ аттестатыр къыватыжыным нэс къызэщІэзыубыдэ гъуэгуанэ кІыхь, Іуэхугъуэ хьэлэмэтхэмрэ купщІафІэхэмкІэ гъэнщІауэ.

Пэжщ, еджэныр щынэвгъэс лъэхъэнэр ефхьэкІащ гугъуехь зэмылІэужьыгъуэхэр пыщІауэ, коронавирус уз зэрыцІалэ лІэужыгъуэщІэр дунейм къызэрыщыхъеям къыхэкІыу. Апхуэдэ лъэпощхьэпом щхьэкІэ къэмынэу, фэ еджэныр ехъулІэныгъэкІэ зэфІэвгъэкІащ.

Дауи, школ илъэсхэм и кІуэцІкІэ фэ сыт щыгъуи къыфщІыгъуащ фи егъэджакІуэхэр, унэтІакІуэхэр. Абыхэм яхуэфщІ пщІэмрэ нэмысымрэ фи гъащІэ псокІэ фи гум зэрилъынум шэч къытесхьэркъым, сыту жыпІэмэ ахэращ щІэныгъэм и лъагъуэм фытезыгъэувар, дяпэкІэ зыІэрывгъэхьэну ехъулІэныгъэхэми фыхуэзыущияр.

Иджы фэ фытохьэ фи гъащІэм щыщ гъуэгуанэщІэ. Дэтхэнэми фиІэжщ мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ. Фэ, зи щІалэгъуэхэм, фи зыужьыныгъэм хуэгъэпса Іэмал куэдыщэ щыщыІэщ нобэ ди къэралым. Абыхэм ящыщу сыт хуэдэ унэтІыныгъэр къыхэфхми, ар щІэныгъэм пыщэн е лэжьыгъэ ІэнатІэм пэрыувэн ирехъу, нэхъыщхьэр фи мурадхэм фалъэІэсу, цІыхухэм сэбэп фахуэхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, фІыуэ тлъагъу ди къэралым я ехъулІэныгъэхэм фахуэлажьэу фыпсэунырщ.

Фи насып текІуэну, зи щІалэгъуэхэ! ЕхъулІэныгъэ, зэпэщыныгъэ фиІэну», - къыхегъэщ КІуэкІуэ Казбек и хъуэхъу псалъэм.

# ГъащІэ гъуэгум тоувэ

**ДэнэкІи хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щокІуэкІ курыт школым и 9-нэ, 11-нэ классхэр къэзыуххэм я гуфІэгъуэ зэхыхьэхэр. Куэд щІакъым а ныбжьыщІэхэм папщІэ иужьрей уэзджынэр къызэреуэрэ. Иджы мис, къэсащ балигъ гъащІэм ипэжыпІэкІэ ухэзышэ зэхыхьэ гуапэр, уи гъащІэ псокІэ гум имыкІыу къинэ гуфІэгъуэр - къызэрыщІагъэкІ пшыхьыр.**



ШКОЛЫР къэзыуххэм папщІэ ди къэралым щызэхашэ хабзэ пшыхьхэм къахолыдыкІ «Парус плъыжьхэр» гуфІэгъуэ пшыхьыр. Мы гъэм 18-нэу къызэрагъэпэща пшыхьыр жэщ кІуам Санкт-Петербург щагъэлъэпІащ. А нэгузегъэужь зэхыхьэм, дапщэщи хуэдэу, къызэщІрагъэубыдащ ныбжьыщІэхэм гукъинэж ящыхъун Іуэхугъуэ куэд. Нева псым трагъэхьа жьыкІэ зекІуэ кхъухьым къалэр зэрыщыту къызэхикІухьащ, гуфІэгъуэм хэтыным псори къыхуриджэу. ИтІанэ, сыхьэт 22-м щІидзэри, нэху щыху екІуэкІащ пшыхьым хуагъэхьэзыра концерт иныр. НыбжьыщІэхэм папщІэ ягъэлъэтащ хьэрэкІытІэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Апхуэдэ нэгузыужьхэр къапоплъэ ди республикэм и курыт школхэр мы гъэм къэзыух ныбжьыщІэ мин 13-м щІигъум. Дызэрыт мазэм къриубыдэу абыхэм ятащ къэрал экзамен нэхъыщхьэхэр, зыуэ щыт къэрал къэпщытэныгъэхэр. НыбжьыщІэхэм ящыщ дэтхэнэри, шэч хэмылъу, хущІэкъуащ илъэс бжыгъэкІэ зрагъэгъуэта щІэныгъэм и хъерышхуэ зрагъэлъагъуну, зыхуэкІуа кІэух зэхыхьэм ягурэ я щхьэрэ зэтелъу зрагъэхьэлІэну. А хъуэпсапІэхэм хуэпабгъэу Іуэхур зэфІэзыгъэкІа ныбжьыщІэхэм къапщытэжакІэщ илъэси 9 е 11 зи кІыхьагъ школ гъуэгуанэр сыт хуэдэу къагъэсэбэпами. Мэрем пщыхьэщхьэм курыт школхэм щратыжащ зрагъэгъуэта щІэныгъэм и фІагъым щыхьэт техъуэ аттестатхэр, угъурлы яхуэхъуну ехъуэхъуурэ. КъыкІэлъыкІуэ пщыхьэщхьитІ-щыр хухахащ курыт школыр къызэраухам и саулыкъукІэ къызэрагъэпэщ гуфІэгъуэ пшыхьхэм.

Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ а Іуэхугъуэхэм къыпхуэмыцІыхужын хуэдизу зыкъизых ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ нэмыщІ, дапщэщи жыджэру хэтщ адэ-анэхэр, щІыпІэ унафэщІхэр, нэхъыжьыфІхэр. Апхуэдэхэщ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, къалэ, къуажэ администрацэхэм я ІэщІагъэлІхэр, ныбжьэгъухэмрэ благъэхэмрэ. Абыхэм балигъ гъащІэм хьыхьэ ныбжьыщІэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэхэр щагъэІу гуфІэгъуэ пшыхьхэм.

Дауи, гулъытэ хэха хуащІ къэрал къэпщытэныгъэхэм щІэныгъэ куу къыщызыгъэлъэгъуахэм.

Егъэджэныгъэм щызыІэрывгъэхьа текІуэныгъэхэр гъащІэм дяпэкІэ щывиІэну ехъулІэныгъэщІэхэм я пэщІэдзэ ирехъу, зи щІалэгъуэхэ. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэ псом я цІэр фІыкІэ зыгъэІуфын ІэщІагъэлІ щыпкъэхэр къыфхэкІыну дыфщогугъ. Фызыхыхьэ балигъ гъащІэм и гъуэгур бгъуфІэу, Іуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкІэ, купщІафІэхэмкІэ гъэнщІауэ къыфхущІэкІыну, фи гумрэ фи псэмрэ зыщІэхъуэпсхэр къывэхъулІэну, ныбжьыщІэхэ!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

БАКІУУ Хъанджэрий:

# Бзэмрэ литературэмрэщ лъэпкъым и лъабжьэр

**Нобэрей зэманым щІэныгъэрылажьэхэм къахуэув къалэнхэр хьэлъэщ. Псом хуэмыдэу, лъэпкъыбзэхэр хъумэнымкІэ кІуэрабгъухэр къэхутэным хуэгъэзэауэ. АтІэ, нобэ бзэм елэжь щІэныгъэлІхэр нэхъыщхьэу зыгъэпІейтейр сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэра? Иужьрей илъэсхэм сыт хуэдэ Іуэхухэр зэфІэха хъуа, бзэр, литературэр хъумэным теухуауэ? Мы упщІэмкІэ ди зэпсэлъэныгъэр дыдогъажьэ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор БакІуу Хъанджэрий.**

- Псом япэ игъэщыпхъэр адыгэбзэращ. Литературэр си ІэщІагъэми, адыгэбзэр си лъым хэтщ. ЕджапІэм адыгэбзэкІэ сезыгъэджар усакІуэ Аслъэн Михаилрэ (Жьакуэ деж), тхакІуэ ЦІэрыІуэ Къуэхъу Цуцэрэщ (Черкесск къалэм, интернатым). Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэм сыщыхуезыгъэджар а зэманым нэхъ щІэныгъэлІ гуэззэджэу къалъытэу щытахэу АбытІэ Мухьэбрэ Урыс Хьэталийрэщ. Абыхэм урагъэджауэ, адыгэбзэр зэи Іэщіыб пхуэщІынукъым, ахэращ адыгэбзэм и къулеягъыр къызэзыгъэщІар.

Сэ курыт еджапІэ сыщылэжьакъым. Ауэ университетым илъэс бжыгъэкІэ адыгэбзэр щезгъэджащ. Мис абдежщ къыщысщІар ди бзэр къызэрахутам, ар зэрегъэджын хуейм, лъэкІыныгъэу бгъэдэлъымрэ къехьэлъэкІымрэ ехьэлІа ныкъуэсаныгъэхэр.

Алфавитыр щэнейрэ яхъуэжащ. Нобэр къыздэсым абы хуэгъэза зэдауэр увыІэркъым. Бзэм теухуа терминологиер зэуэ къащтат нэгъуэщІыбзэм къыхэкІа псалъэхэмкІэ. Алъандэрэ къэхутакІуэхэр нэхъыбэу адыгэбзэм зэрытепсэлъыхьыр... урысыбзэщ. Статьяхэр, диссертацэхэр, щІэныгъэ докладхэр, н.къ. - мащІэкъым урысыбзэм и хабзэхэр адыгэбзэм кІэрызыщІэхэр.

Адыгэбзэм и морфологиемрэ синтаксисымрэ гугъу дыдэщ, ауэ ар куэдым Іэщіыб ящІауэ лексикэм тотхыхь, псалъэу бзэм къыхыхьэр, хэкІыжыр, псалъэжьхэр, цІэхэр, унэщІэхэр зэхуахьэс.

**- АтІэ, сыт хуэдэ лъэжьыгъэхэра «нэм нэхъ къыщІэуэу», зэдгъэтІылъэкІ мыхъуну зяужь дихьэн хуейхэр?**

- Дызэрытхэм куэд топсэлъыхь, ауэ дызэрыпсалъэм, «орфоэпие» жыхуиІэм зыри елэжьыркъым, и гугъу ящІыркъым. Ди псэлъэкІэр «къызэрыхъу и мэш» жыхуаІэм хуэдэщ. Жагъуэ зэрыхъущи, литературэбзэм къигъэув хабзэхэм тету псалъэркъым профессорхэр, егъэджакІуэ, журналист куэд.

Бзэм хэмытыж макъэхэмкІэ хэтыпхъэр зэхъуэкІауэ къэзыпсэлъхэри гуннэжщ: «дж»-м и пІэкІэ - «г», иджы - игы, иджыпсту - игыпсту, джыдэ - гыдэ, н.къ.

Нэхъыбэжщ «къ»-м ипІэкІэ «І» жызыІэхэри.

ЦІыху къэс хуитыныгъэ иІэщ зэрыхуейуэ псэлъэну, диалект псалъэхэр къигъэсэбэпыну. Ауэ ар егъэджакІуэмэ, щІэныгъэлІмэ, журналистмэ, и «къуажэ» псэлъэкІэр и къулыкъум къыщигъэсэбэпын хуейкъым.



Дызэрыт зэманым адыгэбзэм и щытыкІэм, и къэкІуэнум, ар хъумэн зэрыхуейм иригузавэр куэд хъуащ. Ар фІыщ. Лъэхъэнэ гуэрым урысхэм «славянофил» зыфІащам ещхьу адыгэбзэр «зыгъэкъэбзэн» зи мурадхэри утыкум къихьащ. Бзэ къэси кІэлъоплъ и къабзагъэм, езым и псалъэ фондыр ихъумэным, хамэбзэхэм къахэкІ псалъэхэр щхьэусыгъуэншэу къыхэмыгъэхьэным. А Іуэхугъуэр зэи къэувыІэркъым, ауэ абы пІащІэгъуэ езэгъыркъым.

**- Гу зэрылъыптащи, бзэм хамэбзэм къыхэкІа псалъэ куэд къыхохьэ. Ауэ, цІыхухэм щхьэж езым я щхьэ къихьэр щыхагъэхьи къохъу...**

- Зызэман, 1920 - 1950 гъэхэм, адыгэбзэм «хуэмыгъэткІуну» урыс псалъэ куэдыІуэ къищтащ, псом хуэмыдэу, терминхэр. Ахэр зыхэпщІэу мащІэ хъуащ къакІэлъыкІуэ лъэхъэнэхэм. Нобэ адыгэбзэм и щхьэщыжакІуэ гуэрхэр мэпІащІэ. Ди бзэм куэд щІауэ къыхыхьа урыс псалъэхэр, нэгъуэщІыбзэм къыхэкІахэр, урысыбзэм и фІыщІэкІэ «интернациональнэ лексикэ» къэтщтахэр, дызэсэжахэр къыхадзу щІадзащ. Ар узыхуэмей Іуэхущ. Псалъэм папщІэ, сыт и лажьэр адыгэбзэми, урысыбзэми, нэгъуэщІыбзэ Іэджэми куэд щІауэ хэт «район» терминым. Ар хэбдзу «куей» тырку псалъэу «район» мыхьэнэ къызэрымыкІыр щыхэбгъэхьэн хуейр сыт?

ЦІыху куэд топсэлъыхь ди мазэцІэхэр, илъэсищэ хъуауэ адыгэбзэм хэт «январь, февраль, март....» жыхуиІэхэр къыщІэудауэ адыгэбзэ къабзэкІэ зэрызэрахъуэкІам. Арами, дызэса мазэцІэхэри уэрамым къытрахатэкъым адыгэ тхыбзэр зыщІахэм. Ахэр хэтщ урысыбзэми, дуней псом щызекІуэ бзэ пашэхэми.

Ди сабийхэри студентхэри зэреджэр урысыбзэщ, радиокІи телевиденэкІи махуэ къэс зэхахыр «май, июнь, июль» терминхэращ. Абы «бадзэуэгъуэ, мэкъуауэгъуэ, накъыгъэ» пэщІэбгъэувэныр мыхьэнэ зимыІэ Іуэху лейуэ си щхьэкІэ къызолъытэ. Илъэс зыбжанэ хъуами, цІыхухэм я нэхъыбэм яхуэзэгъащІэркъым а фІэщыгъэхэр.

А псори зыхуэкІуэ упщІэ къоув: хэт хуит зыщІыр щхьэж и щхьэ къихьэр бзэм хигъэхьэну? Ар къызыхэкІыр терминхэм пыщІа комиссие зэрыдимыІэращ. Франджым, Инджылызым я бзэхэм къэралым я унафэщІхэм я Іизыныншэу псалъэщІэ хагъэхьэркъым. Дэ щхьэзакъуэ гупсысэр лъэпкъ псом и еплъыкІэм япэ идогъэщ. Аращ ди Іуэху зехьэкІэр «къызэрыхъу и мэш» щІэхъур.

Иджыри зы Іуэхугъуэ. Псалъэ зэхъуэкІынкІэ ерыщщ Тыркум, Сирием, Иорданием къикІыж ди лъэпкъэгъухэр. Абыхэм фІыщІэ яхуэщІыпхъэщ лъэпкъыр фІыуэ зэралъагъум, адыгэбзэм зэрыхуэгузавэм щхьэкІэ. Ауэ иджыпсту зи гугъу сщІынур, «хьэм езгъэхьынур» пщІэ зыхуэсщІ, фІыуэ слъагъу си ныбжьэгъухэщ. Арами, еджагъэшхуэ гуэрым зэрыжиІауэ, «Платон си ныбжьэгъущ, ауэ пэжыр нэхъ лъапІэщ».

Хъуажь Фахъри и гъащІэ псор адыгэ Іуэхум трегъэкІуадэ, Хасэм и тхьэмадэу куэдрэ лэжьащ, щІэныгъэшхуэ зиІэщ, зэдзэкІакІуэщ, тхакІуэщ, цІыху гуапэщ. Ауэ а зи гугъу сщІыр мыадыгэ псалъэу ди бзэм къыхыхьахэр адыгэ ищІыну зэрыхэтымкІэ ирегъэлей. Къэсхынщ щапхъэ зыбжанэ: физкультурэ - пкъыгъасэ, компьютер - щІэныгъэпс, Вселенная - УэщІ, конференцэ - щІэнІуатэ, руль - гъэзалъэ, доска - тетхапІэ, пенсия - гуфІапщІэ, диктофон - макъыщтэ, пиджак - цей кІэщІ... Фахъри къыхилъхьахэм ящыщу къагъэсэбэп хъуащ рассказ терминым и пІэкІэ «Іуэтэж» псалъэр. Ар и мыхьэнэкІэ хъарзынэу тохуэ, псоми къагъэсэбэп хъуащ.

Шэч хэлъкъым, адыгэбзэм, адыгэ литературэм пыщІа щІэныгъэхэм, егъэджэныгъэм ехьэлІа терминологием я нэхъыбэр нэгъуэщІыбзэхэм, псом хуэмыдэу, урысыбзэм къызэрыхэкІам, абыхэм я бжыгъэр зэрыкуэдыІуэм. Ауэ ахэр адыгэбзэм япэм ямыІа щІэныгъэхэм ягъусэу къэкІуащ, адыгэбзэми хэзэгъащ. Ахэракъым дэ зэтхъуэкІын хуейр, атІэ ди зэманым къигъэщІ, техникэм, зыужьыныгъэм пыщІа мыхьэнэхэм адыгэбзэм екІу псалъэ къахуэгъуэтыпхъэщ.

Сэ сфІэзахуэкъым мыхьэнэ куэд дыдэ къэзыгъэлъагъуэ «культурэ» псалъэр ІэщІыб ящІу, абы гъунэгъуу пэмышачэ «щэнхабзэ» адыгэ псалъэмкІэ зэрызэрахъуэкІар. Энциклопедиер «щІэнгъуазэ» зэрыхъуами арзэы укъищІыркъым. Апхуэдэщ искусствэр «гъуазджэ» зэрыхъуари...

**- Хъанджэрий, литературэмкІэдгъэззэжынщи, ар къззыхутэ, абы елэжь щІэныгъэлІхэм сыт щІэуэ фхуэзэфІэкІа иужьрей зэманым?**

- Адыгэ литературэми лъэпощхьэпо куэд хэлъщ. Ди лъэпкъыр зыщыпсэу республикищми усакІуэхэр, тхакІуэхэр мащІэ дыдэ щыхъуащ, тхылъ еджэхэр закъуэтІакъуэщ. ЩІалэгъуалэр смартфоным «етхьэлэ», къагурыІуэркъым лъэпкъым и лъабжьэр и бзэрауэ, и литературэрауэ зэрыщытыр.

Къэбэрдейхэмрэ шэрджэсхэмрэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ зы учебниккІэ еджапІэм щрагъаджэу щытащ 1920 гъэм къыщыщІэдзауэ 1990 гъэхэм нэскІэ (илъэс 70-кІэ!). Нобэ апхуэдэу къэнэжыным лъэпощхьэпо куэд пыщІа хъуащ... Жагъуэ зэрыхъущи, а Іуэхур зымыгъэкІуатэхэр, абы лъакъуэфІэгъанэ хуэзыщІхэр мы лэжьыгъэм куэду къыхыхьэ хъуащ. ХэгъэгуитІым я щІэныгъэрылажьэхэр, власть къулыкъу нэхъыщхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэхыхьауэ, лъэпкъыбзэр зэкІэщІэча мыхъунымкІэ жэрдэм щхьэпэхэр зэрахьэ. Ауэ Іуэхур хьэлъэу зэрыкІуатэр нэрылъагъущ... Хэти къыдгурыІуэн хуейр зыщ: лъэпкъым и дунейр дахэ хъунущ, къызэтенэнущ и бзэмрэ литературэмрэ зауэжьмэ.

Литературэр къэхутэным теухуауэ блэкІа илъэсым Іуэху щхьэпэ ялэжьащ щІэныгъэлІхэм. Адыгэ литературэм и тхыдэм и кІэух ещанэ тхылъыр, томищ хъууэ къыдэкІащ Къанокъуэ Арсен и фІыщІэкІэ. Къэхутэныгъэхэм жыджэру хэлэжьыхьащ Гъут Іэдэм, ТІымыжь Хьэмыщэ, ХьэкІуащэ Андрей, Къэжэр Иннэ, ЩакІуэ Марьянэ, Абазэ Албэч сымэ. Сэри си Іыхьэ хыхьащ абы, атІэми, дыкъэувыІэ хъунукъым. Мыбдежым убгъуауэ, зи творчествэр Іыхьэ щхьэхуэу щызэпкърыхар ПащІэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим сымэщ. ТхакІуэ, усакІуэ куэд дыдэм тепсэлъыхьащ къэхутэныгъэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа щІэныгъэлІхэр. Ауэ щхьэхуэу, нэхъ убгъуауэ тхакІуэ пажэ зыбжанэм: БещтокъуэХьэбас, ІутІыж Борис, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, Бицу Анатолэ, Нало Заур, Мэзыхьэ Борис, Тхьэгъэзит Зубер, Бемырзэ Мухьэдин, Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ лэжьыгъэ щхьэхуэ ди секторым игъэзэщІэну ди жэрдэм хэслъхьащ, къалэни зыщытщІащ.

Зэкlэ сэ ІутІыж Борис теухуа темэм солэжь. Абы къыкІэлъыкІуэу Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, Бемырзэ Мухьэдин сымэ я творчествэм зэсщытыну си мурадщ.

Илъэс зыбжанэ лъандэрэ ди секторым зэлэжьа «Адыгэ тхакІуэхэр» (XIX - XXI лІ.) библиографическэ псалъалъэр духащ. Си Іэдакъэ къыщІэкІауэ абы тхыгъэ 90-м нэс ихуащ. Абы ди къэралми, хамэ къэралхэми ящыщ адыгэ тхакІуэхэм я биографие кІэщІ, ятхахэр адыгэбзэрэ урысыбзэкІэ гъэкІэщІауэ, аннотацэр инджылызыбзэкІэ итынущ. 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ а къэхутэныгъэм щІэныгъэлІ зыбжанэ елэжьащ. КъыдэкІыну дыщогугъ.

**- Дызэрыт зэманым адыгэбзэми литературэми, нэгъуэщІ лъэпкъ Іэджэми ейхэм хуэдэу, я Іуэхухэр фІыуэ зэтеухуауэ жыІэгъуейщ, абы и щхьэусыгъуэр куэдщ. Сыт хэкІыпІэу щыІэр?**

- Ерыщагъ тхэлъын хуейщ. Ерыщу дапэщІэтыпхъэщ ди бзэр, литературэр хъумэным, зегъэужьыным зи сэбэп езымыгъэкІхэм. Дэтхэнэ адыгэми лажьэшхуэ диІэщ: ди бзэкІэ тэрэзу дыпсалъэркъым, дытхэркъым.

ГъэщІэгъуэныр аракъэ, адыгэбзэр къэзыхутэхэми, методистхэми, диссертацэ зытххэми къагъэсэбэпыр урысыбзэращ. Адыгэбзэр урысыбзэкІэ къахутэ! Сэри абы зыгуэркІэ сахэтщ, ауэ адыгэбзэкІэ щІэныгъэ статья зыбжанэ ВАК-м хухаха щІэныгъэ журналхэм къытрезгъэдзащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр нобэр къыздэсым зыми дэслъэгъуакъым. КъищІынэмыщІауэ, адыгэбзэкІэ газетхэм сахуотхэ, радиоми телевиденэми сыкъыщопсалъэ. Си щхьэ сыщытхъуу аракъым, атІэ адыгэбзэр гъэлэжьэн зэрыхуейм хэти къыхуездзэ къудейщ.

Арэзы сытехъуэркъым нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэми. Иджы хуит ящІащ еджапІэ нэхъыщхьэ къэзыуха дэтхэнэми ІэщІагъэ игъуэтам нэмыщІ, нэгъуэщІ щІэныгъэкІэ магистр хъуну, диссертацэ итхыну. Псалъэм папщІэ, химиемкІэ къиухами, филологиемкІэ диссертацэ игъэхьэзырыну хуитщ. СызэреплъымкІэ, абы зэраныщхуэ къихьынущ. Ар щызогъэтри, урысыбзэмрэ литературэмкІэ диплом плъыжь къэзыхьам къохьэлъэкІ адыгэбзэр, адыгэ литературэр къихутэныр.

Жагъуэ зэрыхъущи, я цІэ къидмыІуэми, апхуэдэ «къэхутакІуэхэри» адыгэ филологием телажьэхэм яхэтщ.

Иджыри зы гукъеуэ. АдыгэбзэкІэ къыдагъэкІ тхылъхэм щыуагъэ куэд дыдэ хэлъу дунейм къытохьэ. Корректор, редактор къалэнхэр яхуэгъэзащІэркъым. Щапхъэ куэд дыдэ къэсхьыфынущ, ауэ цІыхухэм я жагъуэ сщІыну сыхуейкъыми, я цІэ мыбдеж къыщисІуэнкъым, къыдэзыгъэкІахэм яжесІагъэххэщ...

«Гугъэр адэжь щІэинщ», - жиІэгъащ пасэрейм. Дэри догугъэ къыдэкІуэтей щІэблэм къахуэдгъанэ лъэпощхьэпохэр ягъэмэщІэну.

Бемырзэ Мухьэдин и псалъэ пэжхэмкІэ си къэпсэлъэныгъэм нобэ кІэІунэ естмэ сфІэфІщ: «Сытым дрищІыс, ди бзэр тхуэмыхъумэжмэ...»

**- Тхьэм уигъэпсэу, Хъанджэрий. Шэч хэмылъу, бзэм, литературэм яхуэгъэза гукъеуэр куэдщ. А псори зэуэ къыпхуэІуэтэнкъым. Ауэ, уи гупсысэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтІар гурыІуэгъуэщ - ар бзэмрэ литературэмрэ зэран едмыхынращи, а щытыкІэр къызыгурыІуэ бзэ щІэныгъэлІхэр лъэпкъым къыхэкІыну Тхьэм жиІэ!**

*Епсэлъар*

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэщ.**

# Зэрытрагъэгушхуэ Іэмалхэр

**Мы гъэм курыт еджапІэр къэзыуха ныбжьыщІэхэм Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я бжэхэр къыхузэІуах. Жылагъуэ Іуэху еплъыкІэхэмкІэ урысейпсо центрхэм иужьрей зэманым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, илъэс куэдкІэ бжыыпэр зыІыгъа экономист, юрист, дохутыр ІэщІагъэхэм къадэкІуэу, гулъытэ ягъуэту хуежьащ цІыхур зэрыпсэуну ІэщІагъэхэми.**

СТАВРОПОЛЬ щІыналъэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Іуэху щхьэпэ къыхилъхьащ щым телэжьыхьынымрэ Іэщ гъэхъунымрэ Іэ-щІагъэу къыхэзых щІалэгъуалэм яхуэгъэзауэ.

Япэрауэ, ахэр зэджэм лэжьыгъэми хагъэгъуэзэнущ. А пІалъэм къриубыдэу щІалэгъуалэр псэупІэкІэ къызэзыгъэпэщ, улахуэ езыт мэкъумэш предприятэхэм абыхэм трагъэкІуэдам и процент 90-р субсидиеу къаІэрыхьэжынущ. Къапщтэмэ, 2022 гъэм щІыналъэ бюджетым къыхэкІыу а Іуэхум хухахащ сом мин 900. Ахъшэр тещІыхьащ студентхэр ягъэлэжьэну гупыж зыщІ Іуэхущ1апІэхэм я бжыгъэмрэ цІыхуу къащтэмрэ.

«Къуажэдэсхэм щІыр тэмэму къегъэгъэсэбэпын» урысей проектым хиубыдэу ябзыхуа мы программэр хуэгъэпсащ щІалэгъуалэ нэхъыбэ мэкъумэш лэжьыгъэм дегъэхьэхынымрэ абыхэм къэралыр дэІэпыкъуэгъу яхуэхъунымрэ.

Къапщтэмэ, ди республикэр ящыщщ мэкъумэш еджапІэ нэхъыбэ здэщыІэ щІыналъэхэм. Зы илъэс къэмынэу абыхэм къыщІагъэкІ щІэныгъэ хъарзынэ зыбгъэдэлъ мелиораторхэр, инженерхэр, Іэщ дохутырхэр, ерыскъыхэкІым елэжь технологхэр, агрономхэр, зоотехникхэр. Ику ит щІэныгъэ къозыт мэкъумэш еджапІэхэм щагъэхьэзыр иджырей лэжьэкІэ мардэхэм сыткІи хуэІэкІуэлъакІуэ механизаторхэр, жэмышхэр, ветфельдшерхэр. Кавказ Ищхъэрэм япэу щаубла апхуэдэ Іуэхум гъуэгу зэригъуэтыну шэч къытрахьэркъым жэрдэмыр къызыбгъэдэкІахэм.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Ди хьэщIэщым

# Куэд зыщIэ куэд хузэфIэкI

**Ди республикэм щеджэн и мураду и хэку къэзыгъэзэжауэ щыта Чурей Дыжьын куэдым яцIыху и щIэныгъэкIэ, и лэжьыгъэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ. И насып Абхъазым щыIэу къыщIэкIри, абы унагъуэ щыхъуауэ щопсэу Дыжьын. Мы махуэхэм ар Налшык къэкIуэжати, «Адыгэ псалъэ» газетым щиIэ и ныбжьэгъухэр илъагъуну редакцэм къызэрыщIыхьар къэдгъэсэбэпри, деуэршэрылIащ.**









ЛЭЖЬЫГЪЭ IэнатIэу щым пэрытщ Дыжьын. Абхъазым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институту Гулиа Дмитрий и цIэр зезыхьэм IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм щыIэщ. Абхъаз Республикэм и къэрал университетым илъэс 11 хъуауэ щрегъаджэ, абы и доцентщ. Абхъаз литературэмкIэ кафедрэм хыхьэу, филологие факультетым и 1, 4-нэ курсхэм къахуоджэ «Этнокультура абхазо-адыгской диаспоры», «Литература черкесского зарубежья» лекцэхэм. Макъамэри IэщIыб ищIакъым Дыжьын икIи ар и доктор диссертацэр игъэхьэзырынымкIэ сэбэпышхуэ къызэрыхуэхъуар къыхегъэщ. Илъэситху хъуауэ ар хэтщ, флейтэр щегъэбзэрабзэ Абхъаз къэрал филармонием и «Гундэ» вокально-инструментальнэ ансамблым, республикэм и цIыхубэ артисткэ Чамагуа Розэ и унафэм щIэтым. ЖыпIэнурамэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми зы махуи щымызэша, лэжьыгъэншэу зы дакъикъи щызымыгъэкIуа Чурей Дыжьын абдежми щищIэн егъуэт. Нэхъыщхьэращи, жиIэр, ищIэр мэхъу.

- Абхъаз къэрал университетым и филологие факультетым и деж абхъаз-адыгэ лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я центр къыщызэIухыным ехьэлIауэ япэ лъэбакъуэхэр ча хъуащи, абы сыщогуфIыкI, - жеIэ Дыжьын. - Иджыпсту мылъку и лъэныкъуэкIэ дызэрыхъунум ехьэлIа унафэм, ректорым и псалъэм, хэхэсхэм абы теухуауэ жаIэнум, нэгъуэщIхэми дапоплъэ. Факультетым си мурадыр, хъуэпсапIэр къыздаIыгъ. Си нэгу къызэрыщIэзгъэхьэмкIэ, центрыр щытыпхъэщ тхыдэм, щэнхабзэм ехьэлIа зэIущIэхэр, щIэныгъэ конференцхэр, концерт зэмылIэужьыгъуэхэр щекIуэкIыу, диаспорэм, бзэм ехьэлIа Iуэхухэм щыхэплъэу, щеджэу, бзэр щызрагъащIэу, н. къ. Псалъэм и хьэтыркIэ, мызэ-мытIэу кърахьэжьащ ди лъэпкъ фIэщыгъэм, «адыгэ», «шэрджэс» псалъэхэм ехьэлIа упщIэр. Ар зы цIыхукIэ, цIыхуитIкIэ, зы зэIущIэзэIущIитIкIэ зэфIэкIын Iуэхукъыми, мис абы теухуа конференцышхуэхэр щыIэн хуейуэ къызолъытэ, хэзыщIыкIхэр тепсэлъыхьын папщIэ. «СэркIэ апхуэдэу жысIэмэ нэхъ тыншщ», - жыхуиIэ Iуэху еплъыкIэр хъунукъым. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сэ сыадыгэщ, сызэрызэджэжри аращ, ди бзэр адыгэбзэщ, ди лъэпкъыр адыгэщ, ди хабзэр адыгэ хабзэщ... арагъэнщ а псалъэр адрей псоми щIахэзгъэфIыкIыр. Сэ сыбзэщIэныгъэлIкъым, ауэ щапхъэу мис мы тхылъри урикъунущ *(си стIолыщхьэм телъ «Адыгэбзэ псалъалъэр» сегъэлъагъу.* И.З.). «Адыгэбзэ псалъалъэ» жиIэу тетщ, и лъабжьэм деж «Словарь кабардино-черкесского языка» тетхащ. Мыхъужыххэмэ, адыгэ (шэрджэс) жытIэу, зэкIэлъыдгъакIуэми нэхъыфIу къысщохъу. Ар си Iуэху еплъыкIэу аркъудейщ.

Чурейм и гуапэ хъууэ къыхегъэщ абхъаз университетым абазэ, адыгэ лъэпкъ литературэхэр зэрыщрагъэджыр, адыгэ литературэмкIэ тхылъ абхъазыбзэкIэ къызэрыдэкIар (зи Iэдакъэщ IэкIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Табагуа Светланэщ).

Тыркум мы махуэхэм къыщыдэкIынущ Бэрзэдж Сэфар, Агъашэ Мухьиддин, Чурей Дыжьын сымэ я интервьюхэр зэрыт тхылъ щхьэхуэ. «Iуащхьэмахуэ. Кавказ Ищхъэрэм и нэхухэр» тхылъыр абазэ бзылъхугъэ Кутарбэ Пынар игъэхьэзыр серием хыхьэ IэдакъэщIэкIщ.

- Хэт сыт жиIэми, бзэ гуп ехьэлIауэ къапщтэми, генетикэ и лъэныкъуэкIи, тхыдэмкIи абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ зэпэгъунэгъущ. Апхуэдэу щытми, ди Iуэху зыми тхузэрихуэнукъым ар дэ езым дэдмыгъэкIыжмэ, - жеIэ Дыжьын. - Зэман куэдыщэ тфIэкIуэдащ дэ. Ди нэхъыжьхэр зэрыщытам хуэдэу, абыхэм дызэрагъэсам тету нэхъри дызэкъуэувэн хуейщ сыт и лъэныкъуэкIи. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэлIхэу, цIыхушхуэхэу Нало Заур, КъардэнгъущI Зырамыку, ЦIыпIынэ Аслъэн, Щэныбэ Юрэ, Сосналы СултIан, Къалмыкъ Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэми абхъаз лъэпкъым хуаIа пыщIэныгъэр, абыхэм яхузэфIэкIар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Дэ упщIэ зыхуэдгъэувыжын хуейщ: сыт дэ дызыхуейр? Сэ къызэрыслъытэмкIэ, нэхъыщхьэр щэнхабзэ зэхущытыкIэращ. Зыгуэрурэ йокIуэкI ар иджыпстуи, хэхэсхэм, хасэхэм, бзэм, нэгъуэщIхэми теухуауэ, ауэ дыкъэувыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. ДэнэкIи Iуэхур щызэхэзэрыхьа зэманым ди лъэпкъ Iуэхум дытеплъэкъукI хъунукъым.

Дыжьын илъэсищ хъуауэ яужь итщ абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я къафэ IуэрыIуатэр щызэпкърыха тхыгъэшхуэм. Хореограф цIэрыIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэщ ар. Абы иужь нэхъыбэу изыгъэхьари ди нобэрей хьэгъуэлIыгъуэхэр зэрырагъэкIуэкIырщ, ди къафэхэм я купщIэрщ.

- Дэ къыдгурыIуэн хуейщ сыт хуэдэ къафэр дэтхэнэ лъэпкъым ейми, абыхэм я фIэщыгъэхэри, дэтхэнэр дэнэ деж щагъэзащIэми щыуагъэншэу тщIапхъэщ. Сценэ къафэхэр, IуэрыIуатэ къафэхэр, нэгъуэщI къафэ лIэужьыгъуэхэр зэхэдгъэзэрыхьынкIэ Iэмал иIэкъым, - къыхегъэщ Дыжьын. - Къапщтэмэ, ди хьэгъуэлIыгъуэхэр зэрекIуэкI щIыкIэм хуабжьу сегъэгузавэ, ди хабзэ дахэхэм, ярэби, зыри къыхэмынэжыххэну арауэ пIэрэтIэ жысIэу. Япэм жэщищ-махуищкIэ, жэщибл-махуиблкIэ екIуэкIыу щытар зы пщыхьэщхьэм зэфIагъэкI. Зэманым, текIуадэм, нэгъуэщI-къинэмыщIхэм теухуащ ар, къызгуроIуэ. Ауэ хэт зэран хъур фызышэр, нысэишэр, щауэишэжыр, нэгъуэщIхэри хабзэм тету ебгъэкIуэкIыну?! ХьэгъуэлIыгъуэр сценэкъым, ар IуэрыIуатэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ мэхъу иджыпсту хьэгъуэлIыгъуэр пщIэкIэ дэзых артистхэр. СощIэж, ипэIуэкIэ къызэрежьар уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр кърагджэущ, иужькIэ хьэгъуэлIыгъуэ псор, къанэ щымыIэу, гупхэм дзыхь хуащI хъуащ. Ари зы лъэныкъуэкIэ Iей къыщIэкIынкъым, хабзэм хэзыщIыкI щIагъуэ зэрыщымыIэжыр къэплъытэмэ. Ауэ сэ цIыхухэр къыхуезджэну сыхуейт а къащтэ артистхэм езыхэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыжыну, къемызэгъ уи Iуэхум къыхэмыхуэн папщIэ. НэхъыфIыжт абыхэм чэнджэщ езыхьэлIэ нэхъыжьыфIхэр диIамэ, ахэр езыхэр а ущиехэм хуэныкъуэтэмэ.

Чурей Дыжьын и щхьэр течауэ и гугъу ещI адыгэр дуней тетыкIэ и лъэныкъуэкIэ дэкъузауэ зэи зэрыщымытам. Зэдэлъху-зэшыпхъум хуэдэу зэбгъэдэту, зэхэсхэу, зэпсэлъылIэу, апхуэдэ зэIущIэхэм, джэгухэм щызэрыцIыхурэ унагъуэ хъууэ щытащ. Абы щыгъуэми хабзэ зэрахьэрт, нэхъыжь-нэхъыщIэ ящIэрт, пщIэ я зэхуаку дэлът. «Мис а зэпыщIэныгъэр, зэгурыIуэр зыфIэдгъэкIуэд хъунукъым, нэгъуэщI лъэпкъхэм я зыхуэпэкIи я хабзи дыхуэныкъуэкъым», - жеIэ Дыжьын.



Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым инджылызыбзэмкIэ и факультетыр къэзыуха, ди республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым щылэжьа, зи кандидат диссертацэр ди деж щыпхызыгъэкIа Чурейм зыгуэр хузэфIэкIыххамэ, ар щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым къыщIихам зэрифIыщIэр ибзыщIыркъым.

- СыцIыху насыпыфIэт IуэрыIуатэмкIэ секторым и щIэныгъэлIхэу КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Гъут Iэдэм, Тхьэмокъуэ Евгение, ЦIыпIынэ Аслъэн, ГъукIэ Анжелэ, Быхъурэ Мухьэмэд сымэ сазэрыхэхуамкIэ, абыхэм я нэIэ сыщIэту сылэжьэну си кIэн къызэрикIамкIэ. Щхьэхуэу я цIэ къисIуэну сыхуейщ адэ папщIэу Къэбэрдейм къыщысщхьэщыта, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ и редактор нэхъыщхьэу щыта, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, редакцэм и лэжьакIуэхэу пэжкIэ къызбгъэдэтахэм, си доктор диссертацэр («Обрядовая и песенно-инструментальная традиция абхазо-адыгской диаспоры в Турции») згъэхьэзырыху си чэнджэщэгъуу щыта Къудей Зинаидэ сымэ. Сэ зыри сщыгъупщакъым, псоми сахуэарэзыщ. Нобэ сэ щIэныгъэлI къысхэкIамэ, зи фIыгъэр ахэращ...

Ди зэпсэлъэныгъэм и кIэухыу жысIэну сызыхуейр пщIэрэ, Залинэ? Сэ сытым дежи сигу къокIыж ЩоджэнцIыкIу Алий и «Тырку хадэ» усэр, а щIыпIэм щыщыIам щыгъуэ иусар. Абы Алий щрихьэлIащ адыгэ пщащэ тхьэIухудхэу Сэтэнейрэ Жанпагуэрэ. Зи дахагъэм итхьэкъуауэ зэплъа пщащэхэм адыгэ фIэхъусыр къагурыIуэртэкъым. Ар и жагъуащэ мэхъу усакIуэм, аращ Жанпагуэм нышIэгубжьэу зыщIригъэгъэгусэри.

А пщащэхэм ещхьу ди бзэр тIэщIэмыхунымкIэ ди хабзэр тхурикъунущи, ар зыхъумэфыным ящыщ дыхъуну си гуапэщ. Абхъаз тхакIуэ цIэрыIуэ Шинкубэ Бэгърат зэрыжиIащи, и лъабжьэр псэуху, жыгри псэущ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Сыт щыгъуи сыпоплъэ

**«Адыгэ псалъэ» газетым нэхъапэIуэкIэ къытрадзэу щытащ щIэджыкIакIуэхэм я тхыгъэ кIэщIхэр, газетым Iэ щIыщIадзым, абы и фIагъ-щыщIэныгъэхэм, нэхъыбэу тетыну зыщIэхъуэпсхэм теухуауэ. СфIэгъэщIэгъуэнт адыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр, аркъудейри зи фIыгъэ нэхъыщхьэр, нэхъри егъэфIэкIуэн хуейуэ къэзылъытэхэр зэрымымащIэр. АрщхьэкIэ илъэс куэд щIауэ ар зэрыщIэзджыкIым сэри хуитыныгъэ къызиту къысщохъу си еплъыкIэр къэсIуэтэну.**

СЭ сыунэгуащэщ, пщэдджыжь Iуэху тIэкIуу си пщэ дэслъхьэжахэр зэфIэзгъэкIа иужь, си зэш тригъэуну сызыпэплъэу сиIэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Абы ит зы сатыри щIэзмыджыкIыу къэзгъанэркъым жысIэкIэ, пцIыупс сыхъуну си гугъэкъым. Пэжщ, яхэтщ абыхэм нэхъ сфIэгъэщIэгъуэни, къызгурымыIуащэу къызэгугъуэкIи. ТIум щыгъуэми дэтхэнэми зыгуэр къыхызох бзэ, хабзэ, гъэсэныгъэ, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ.

Ди республикэм и къуажэхэм ящыщ куэдым щыпсэухэр тхьэусыхэу зэхызох, газетхэр и зэманым яIэрымыхьэу. Сэ сыхуэарэзыщ ди пощтзехьэ Уэзынжокъуэ ФатIимэ, и чэзум газетхэр къызэрытIэригъэхьэм къыдэкIуэу, абыхэм Iэ щIегъэдзынри мыIейуэ ирегъэкIуэкI. Къуаншагъэу щыIэр пощтым и лэжьакIуэхэм я деж пхьыныр захуагъэу къэслъытэркъым сэ. А Iуэхум гугъуехьу пылъхэм ящыщ къыщIэкIынщ куэдым газетхэм Iэ зэрыщIамыдзыжыр, абы къыхэкIыуи ахэр къезыхьэкIхэм дэрэжэгъуэ зэрамыIэр. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт япэм унащхьэ чэзууэ я куэбжэм Iухьэу щытамэ, иджы хьэблэ псом зы унагъуэм фIэкIа хуамыхьу. Гухэхъуэгъуэ къозымытын Iуэхущ.

Тхыгъэ къытехуэхэр гъэщIэгъуэн защIэщ ди газетым. Щхьэж зыпэрыт IэнатIэ елъытауэ къыхуэщхьэпэн къыщагъуэтынущ. Сэ сызэрыунэгуащэм, къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэр сызэриIэм къыхэкIыу, сабийхэм яхуэгъэза Iуэтэжхэр, таурыхъхэр, усэхэр згъэнэхъыбэнут. Узытемызашэ, уи зэш тезыгъэу тхыгъэхэри газет напэкIуэцIым къыщизгъуатэм и деж си гуапэ мэхъу.

Газетым и теплъэри, и зэхэгъэувэкIэри гунэс дыдэщ, кIуэ пэтыху нэхъ гъэщIэгъуэн хъууэ апхуэдэщ. ЗэрыщхъуэкIэплъыкIэри гурыхь зыщIхэм ящыщщ. Ауэ къызыхэкIыр сымыщIэу зы Iуэхугъуэ щыIэщ: сыт сымыщIамэ, газет цIыкIур си гум къысхуищтэркъым. НэмыщIысауэ, зыгуэр хуэныкъуэу къысщыхъурэ е итыпхъэм и инагъыр кIэщIэпIакIуэу къэслъытэрэ? СщIэркъым. Сеплъынуи сызэджэнуи сфIэфIыр газетышхуэрщ.

**БЛИЙ Зое**.
*Урыху къуажэ.*

# Адыгэпщ Ридадэ къызэраукIрэ илъэс мин ирокъу

**Адыгэм и пщыгъуэр къуэм адэм Iэпихыу зэрахьэ мыхъуу, лъэпкъым нэхъ Iущу, нэхъ лъэщу хэтым тетыгъуэр къихьэхуу щытауэ аращ. Апхуэдэу, XI лIэщIыгъуэм адыгэр къызытехъукIыжа лъэпкъыу кIасэгухэмрэ зыхьэхэмрэ я пщышхуэу хахат Ридадэр. ЗэрыжаIэмкIэ, а лъэхъэнэм ди лъэпкъым хэтакъым хахуагъэрэ лIыгъэкIэ а пелуаным ефIэкIын.**

УРЫС щIыналъэхэм я зэныкъуэкъугъуэт. А зэныкъуэкъухэм къэралыгъуэм и гъунэгъу лъэпкъхэри, хуей-хуэмейми, хапщэрт. Урысейм и пщышхуэу Владимирым пхъуурэ 10-рэ къуэ 12-рэ иIащ. Абыхэм ящыщу и къуэ Мстислав Хахуэр, илъэситху фIэкIа мыхъур, Тэмтэрэкъаным и унафэщIу тригъэуващ 988 гъэм. ЩIалэм гъэсакIуэу къыщхьэщагъэуващ варяг Свен жыхуаIэр икIи аращ иужьыIуэкIэ дзэпщ лъэрызехьэ хъуа Мстиславыр зыпIари зыгъэсари. ЗэратхыжымкIэ, Мстислав дэшасэ уэркъыдзэм урысхэм нэхърэ нэхъыбэу яхэтащ адыгэхэмрэ печенегхэмрэ. Тэмтэрэкъан уэркъыгъуэр адыгэ щIыналъэу Iузэвымрэ хы ФIыцIэмрэ я зэпылъыпIэм къэтIысами, Керч тIуалэр иубыдами, адыгэ лъэпкъыу кIасэгухэмрэ зыхьэхэмрэ кърагъэкIуэтами, ахэр зэрыгъэныбжьэгъуу зэбгъэдэтт. Уеблэмэ кIасэгухэр щIыгъуу 1016 гъэм урыс дзэпщыр Iузэв Iус хъэзэрхэм ебгъэрыкIуэри, я щIыналъэр къизэуат.

Илъэсих дэкIри, алъандэрэ блыгущIэту бгъурыта адыгэхэм джатэ къихакIэ къапэщIэувэжащ тэмтэрэкъан дзэпщыр. А лъэхъэнэм адыгэ щIыналъэм пщыгъуэр щезыхьэкI Ридадэ пежьащ урысыдзэм. Тэмтэрэкъан деж щызэрихьэлIа дзитIым зэхэуэр яублэмэ, лъыр уэру зэрыжэным фIыуэ щыгъуазэт адыгэпщри, хабзэу къызэрекIуэкIыу жиIащ:

- Сэ къыспэлъэщын зауэлI уиIэмэ, къэгъэув! Лъыбэ думыгъэгъажэ, апхуэдиз лIыщхьэ хыдумыгъалъхьэ мы зауэм, ди зэныбжьэгъугъэри псэкIуэд думыгъэщI. Псалъэ къызэт, укъыстекIуэмэ, си унагъуэр гъэрыпIэ имыхуэну, си лъэпкъым илъ тхIуэпси умыгъэжэну, си щIыналъэри умыхьэхуну. Уэрэ сэрэщ мыр зи зауэр, лъэпкъым и гугъу умыщI!

Мстислав и дзэм къыхуеплъэкIакъым, зауэлI блани лъыхъуакъым, атIэ езыр къыхэувыкIащ Ридадэ къезэуэну:

- Псалъэ узот! - жиIэри.

Хабзэм къызэригъэуву, лIитIым зыкIэрахащ Iэщэу якIэрылъар - ахэр Iэ пцIанэкIэ зэзэуэнурат. Хьэрхуэрэгъухэр сыхьэт зыбжанэкIэ зэзэуащ, зэрытемыгъакIуэу. ИкIэм-икIэжым Мстислав къыгурыIуат адыгэпщым зэрытемыкIуэфынури, игъэпщкIуа сэр кърипхъуэтри, Ридадэ и бгъэгум къеуащ. КIасэгур зэрыкIуэдыкIын уIэгъэ игъуэтами, зиIыгът. Ар и лъэм имыIыгъыж щыхъум къэпсэлъащ:

- Псалъэ къызэптар гъэпэж закъуэ! Си лъэпкъымрэ хэкумрэ уемыIусэ... Укъыстек Iуауэ жысIэнщ, армыхъумэ мы щIэщхъур пхуагъэгъункъым.

Апхуэдэу адыгэпщ гъуэзэджэр къыщыукIуриийм, и щIалэ нэхъыжь Сантемырыр щхьэщыхьащ.

- Уигу сигъэлъ, си щIалэ. СлъэкI къэзгъэнакъым. Фи анэ фыхуэсакъ, хэкур фхъумэ, уи къуэш нэхъыщIэр къекIуэлIэжмэ, си кIуэдыжыкIэм и пэжыпIэр хуэIуэтэж, - жиIащ Ридадэ.

- Уэста псалъэр згъэпэжынщ, кIасэгу хахуэ! Уи лъэпкъым себгъэрыкIуэнукъым, уи бынри сысейм хуэдэу спIынщ... - гъэпцIагъэкIэ хигъэщIа пщым бгъэдэтIысхьэри, жиIащ Мстиславым.

Абы и жагъуэ хъужат апхуэдэлI хьэрэмагъкIэ къызэрыIэщIэукIар. Абдежым Ридадэ къарууэ къыхуэнар зэхуихьэсри, къызэфIэуващ:

- КъыстекIуащ! - жиIэри, нэхъыби къыхудэмышейуэ, иужь дыдэу хьэуар и бгъэм изу жьэдишэри, укIуриижащ.

«Слово о полку Игореве» тхыгъэм къыхощыж Мстиславрэ Ридадэрэ зэрызэзэуам и хъыбар.

ЛъэпкъитIыр мамырыгъэкIэ зэIэпыкIыжащ, Ридадэ и щхьэгъусэмрэ и къуитIымрэ Мстислав зришэлIащ, кIасэгу адыгэхэм тын Iихыу щIидзащ, чыристан диныр къахилъхьащ, щIалитIми урысыцIэу Юрийрэ (Сантемыр) Романрэ (Темырбэч) къафIищыжащ, уеблэмэ ипхъу Татьянэ Роман щхьэгъусэу къритыжат. 1024 гъэм Листвен деж щекIуэкIа зауэм



(Мстиславрэ Ярославрэ щызэзэуам) хэкIуэдащ Ридадэ и къуэ Сантемыр.

Ди деж къэсыжар апхуэдэ хъыбарщ. Щхьэж и пэж иIэжщ... Хэти Ридадэ и унагъуэм лей къытехьауэ жеIэ, хэти урыс дзэпщым ита псалъэр игъэпэжу Ридадэ и щIэблэм IэщIагъэ-щIэныгъэ къаритауэ щыхьэт тохъуэ. ИкIи урыс лъэпкъыжьхэу Белеутов, Алехнов, Клушин, Рябчиков, Викентьев, Гусев, Добрынский, Елизаров, Зайцев, Бирдюкин, Поджогин, Симский, Образцов, Телегин, Сорокоумов, Глебов, Бобров, Бурунов, Кокошкин, Лопухин, Лупандин, Лаптев, Морев, Ушаков жыхуиIэхэр Ридадэ и щIалитIым къатехъукIыжауэ ятх тхыдэджхэм.

Ридадэ кIуэдыкIейуэ къаукIа нэужьщ «ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ», «Псэм ипэ напэ ихуэ», «Гур щтэмэ, лъэр щIэкIкъым», «Бийм ущысхьмэ, уIэгъэ уохъу», «Гур мыплъэу нэр плъэкъым», «Япэ умыуэ, къоуам ущымысхь» - псалъэжьхэр къыщыунэхуар.

А щIэщхъур адыгэхэм къазэрыщыщIрэ илъэс зыбжанэ дэкIыжауэ, кIасэгухэм дзэшхуэ къызэрагъэпэщауэ жаIэ, Тэмтэрэкъаным теуэу зэтракъутэну, гъэпцIагъэкIэ къаукIа я пщым илъ ящIэжыну. Абы папщIэ кIасэгухэм хэплъыхьа защIэу зауэлI мини 6 зэхуашэсат. Ауэ лъыщIэжыр и кIэм нагъэсами, уеблэмэ а зекIуэр щыIами-щымыIами ипэжыпIэкIэ зыми ищIэркъым.

ГъэщIэгъуэнщ Ридадэ къытехъукIахэм ящыщ Лопухинхэ я лъэпкъым и хъыбарри. Лопухин Фёдор ипхъу Евдокие 1689 гъэм пащтыхь Пётр Езанэм и щхьэгъусэ - пащтыхь гуащэ хъуащ.

Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ и зэманым Лопухин Степан Сыбыр яхуащ. Пётр Ещанэм и нэфI ящыхуэжащ Лопухинхэ ящыщ гуэрхэм. Екатеринэ ЕтIуанэм и тетыгъуэм Лопухин Пётр губернатор къулыкъур хуагъэфэщащ, пщыцIэ къыфIащащ, Александр Езанэм ар юстицэмкIэ министр, иужькIэ Къэрал Советым и Iэтащхьэ ищIащ. Лопухин Иван ипхъу Варварэ Бытырбыху дэс нэхъ цIыхубз дахэ дыдэхэм ящыщащ, абы хьэщыкъ хуэхъуауэ щытащ урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил.

Ридадэ къытехъукIа щIэблэм ящыщщ адмирал Ушаков Фёдор. Абы и фIыгъэкIэ цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щытащ Урысейм и флотыр. Адмиралыр езыр щыхьэт техъуэт адыгэ дзэпщ Ридадэ и щIэблэм зэращыщым.

Ридадэ и щIэблэм яхэтщ юрист цIэрыIуэ, япэ Къэрал Думэм и депутат Кокошкин Фёдор.

## Мстислав теухуауэ

Мстислав 983 гъэм къалъхуащ. И къуэш Святославрэ Ярославрэ нэхърэ нэхъыщIэт ар. 990 - 1010 гъэхэм къриубыдэу Тэмтэрэкъан уэркъыгъуэр къылъысащ икIи абы хузэфIэкIат хъэзэрхэр и унафэ щIигъэувэну. 1022 гъэм Мстиславыр аланхэм къапэщIоувэ. Ар къызыхэкIари Византиемрэ Куржымрэ зэрызэныкъуэкъур арат. Аланхэр Куржым дэщIырти, и гъуэгум тригъэкъэбзыкIынурат зэран къыхуэхъур. Сыту жыпIэмэ, езы Мстислав Византием и унафэм щIэтт. КIасэгухэр Тэмтэрэкъанымрэ аланхэмрэ я зэхуаку дэсти, игъащIэ лъандэрэ зыбгъэдэса, зыдэгъуэгурыкIуа лъэпкъым - къущхьэхэм - дэщIырт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зауэр зыублари, мамырыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ зыкъутари Мстиславщ. Урыс уэркъым текIуэныгъэр гъэпцIагъэкIэ къызэрихьами, и напэмрэ щIыхьымрэ игъэлъэхъшэжами, и псалъэм епцIыжакъым - Ридадэ и унагъуэр зришалIэри, и щIалитIым щIэныгъэ, къулыкъу къаритащ, быф адэу къащхьэщытащ. А текIуэныгъэр игъэлъапIэу Мстислав мывэ сэреишхуэ иригъэщIауэ щытащ икIи иужьыIуэкIэ Тэмтэрэкъан пщыгъуэр археологхэм къыщыщIатIыкIыжым абы и лъабжьэр къагъуэтыжат.

1024 гъэм Мстислав и къуэш нэхъыжь, киев уэркъ Ярослав езэуэжащ. Абы и пэ, 1023 гъэм, Ярославыр къэту, Суздаль щыIэу, Мстислав ебгъэрыкIуат и къуэшым и хэщIапIэм, ауэ Киевым зыкъитакъым. Ауэ щыхъум, Мстислав кIуэри, итIысхьащ Чернигов щIыналъэм. Суздаль зэщIэхъееныгъэр игъэужьыхыжу, Ярослав Новгород къыщигъэзэжым зрихьэлIэжа щIэщхъур игъэзэкIуэжыну варягыдзэ къищэхури, Мстислав ебгъэрыкIуащ. 1024 гъэм Листвен деж дзитIыр щызэхэуэри, Ярославыр хагъэщIащ икIи игъэзэжри, Новгород дэтIысхьэжащ. ИужьыIуэу, Ярослав и дзэр къызэригъэпэщыжри, и къуэшым IущIащ, зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэну. А зэгурыIуэныгъэмкIэ Ярослав Днепр и ижьрабгъумрэ Киеврэ къылъысырт, Мстислав Черниговымрэ Переяславлымрэ иубыдырт. Апхуэдэуи, зэкъуэшитIыр зэбгъэдэкIыжащ.

Къихьэхуа щIыналъэ абрагъуэхэм итIысхьэжами, Мстислав Тэмтэрэкъаным зэи теплъэкъукIакъым.

Мстислав 1036 гъэм щакIуэ щыIэу дунейм ехыжащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, абы и къуэ Евстафий и адэм нэхъапэжкIэ лIат. Абы къыхэкIыуи Мстислав и щIыналъэри тетыгъуэри и къуэш нэхъыжь Ярославым къыхуэнэжащ. ГъэщIэгъуэныракъэ, Мстислав и къуэш 11-м ящыщу 3-р (Борис, Глеб, Святослав сымэ) IэщIэукIауэ щытащ, и уэркъыгъуэм тегужьеикIауэ. Зи къуэш щымысхьыжа, апхуэдиз гужьгъэжь зигу илъ цIыхур кIасэгупщым къыщысхьынт?!

## КIасэгухэмрэ зыхьэхэмрэ

Дунейпсо тхыдэм илъэс мини 6-м щIигъуауэ ецIыху адыгэхэр. НобэкIэ адыгэкIэ дызэджэжми, нэхъапэIуэм ди лъэпкъым цIэ зэхуэмыдэхэр иIащ: хьэт, мэуэт, зыхьэ, кIасэгу, къашкъэ, нэгъуэщIхэри. I - X лIэщIыгъуэхэм къриубыдэу лъэпкъыр дыкъызэрацIыхуу щытар зыхьэщ, кIасэгущ. Зыхьэхэр хы ФIыцIэм и Iуфэм Iусу щытащ, ЦIэмэз (Новороссийск) деж къыщыщIэдзауэ Абхъазым хиубыдэ Гагры къалэм нэс илъ щIыналъэм тесу. Зыхьэхэм я къэралыгъуэм пасэрей тхыдэтххэмрэ зыплъыхьакIуэхэмрэ къызэреджэу щытар Зихиещ. Абы иIащ къалэшхуэхэу ЗыхьэпIэ, Никъуэпсы, нэгъуэщIхэри. ИужьыIуэкIэ, 8-нэ лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу хъэзэрхэр зытегуплIа зыхьэхэм ящыщ гуп (сындхэм я щIэблэр) Кърымым Iэпхъуэри, Сугдея къалэшхуэр къызэрагъэпэщауэ щытащ. ЗэратхыжымкIэ, зыхьэхэр Абхъазымрэ Куржымрэ хуиту щызэхэзекIуэу, уеблэмэ тырку щIыналъэм итIысхьэу щытащ.

X лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу къэбэта Хъэзэр каганатым ягурэ я щхьэрэ зэтелъу езауэрт кIасэгухэмрэ зыхьэхэмрэ. ИужьыIуэкIэ, герман императорым и лIыкIуэу Москва уэркъыгъуэм щыхьэщIа фон Герберштейн Сигизмунд зэритхыжамкIэ, «зыхьэхэмрэ кIасэгухэмрэ я щIэблэу адыгэхэр я къуршыжьхэм щогугъри, тыркухэми тэтэрхэми къахуэгъэдаIуэркъым, къахуэхьэхуркъым. Урысхэм зэрыжаIэмкIэ, адыгэхэм алыдж фIэщхъуныгъэр яIыгъми, езыхэм я хабзэ яIэжщ, зэрыпсэури аращ. Ахэр псори хытетщ, бзаджащIэщ, къуршым къежэх псыхэм тету хым тохьэри, Къафэм къикIыж кхъухьхэр яхъунщIэ...».

Хьэрып географ, тхыдэтх Аль-Масу-ди 943 гъэм зэритхамкIэ, «Аланхэм я щIым уикIа нэужь, хы ФIыцIэм нэс исщ къашкъэ (аланхэр адыгэхэм къызэреджэу щытар аращ) лъэпкъыр. Ахэр икъукIэ цIыху телъыджэхэщ, хьэщIэр яфIэфIщ, я нэгур зэIухащ, я фэр дахэщ, я пкъыр уардэщ. Абыхэм я бзылъхугъэхэм нэхъ дахэ дунейм теткъым, бзэIэфIщ, щэныфIэщ. Алыдж шылэм, алътес плъыжьым, щэкI хужьым къыхэщIыкIа бостей дахэхэр дыщэпскIэ хадыкIыж, уагъэкIэ ягъэщIэращIэ. Къашкъэхэр зыхьэхуарэ къэзыгъэдэIуарэ щыIэкъым, зэрыжаIэмкIэ. Абыхэм я цIыхухъухэр пагэщ, къарууфIэщ, ткIийщ».

Тэмтэрэкъан уэркъыгъуэр кIуэдыжри, зыхьэхэмрэ кIасэгухэмрэ я цIэри бзэхыжащ. Тэтэр-монголхэр адыгэ хэкум къебгъэрыкIуэу щIадза нэужь, «черкес» фIэщыгъэцIэри къэунэхуащ.

Дауэ хъуами, тхыдэм сыт хуэдэцIэкIэ къыхэщыжми, адыгэм адыгэу зищIэжу къогъуэгурыкIуэ. Ди тхыдэр псыхьащ лIыхъужь хахуэхэм я теплъэхэмрэ, абыхэм дунейпсо утыкум щагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ щIыхьымкIэ. Мы тхыгъэр зытеухуэжа адыгэпщ пелуан Ридадэ Хахуэр къызэраукIрэ мы гъэм илъэс мин ирокъу. КъаукIащ жыдоIэ... ХэкIуэдакъым. ГъэпцIагъэкIэ, хьэрэмагъкIэ къаукIащ. Арами, бийм абы апхуэдизкIэ пщIэ къыхуищIырти, Ридадэ и быныр езым ейм хуэдэу ипIыжащ. Ауэ щыхъукIэ, ар цIыхушхуэт, щIыхьрэ напэрэ зиIэу дунейм тета, фэеплъ зыхуэфащэ, щIэблэм яцIыхуну къэзылэжь лIыхъужьт.

## Ридадэ

**Ди унэишэщ нобэ - хьэгъуэлIыгъуэщ,**
**Лыдыжу уафэм щызэщIонэ вагъуэр,**
**Уэрэдыр мэIур жыжьэ дыдэ,**
**Уэредэ-ридадэ!**

**Гур кIэлъопхъэрыр а уэрэдым,**
**ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ йокIуэтыжри,**
**Зэманыр къыщохутэжыр и**
**пасэрей унэм.**
**Щызэхыумыхт а унэм - «уэридадэ»,**
**Iурт уэрэд папщIэу «Ридадэ,**
**о Ридадэ»...**

**Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,**
**КъуэкIыпIэ пшэплъым**
**кIуэцIрокIыр лъы лъэужь,**
**Уи дзэр зауэм къикIыжащ хэщIыншэу,**
**Уи дзэр зауэм къикIыжащ**
**уэрыншэу, Ридадэ!**
**О Ридадэ, Ридадэ...**

**ЛIыхъужь хабзэу утеувэу щIакIуэ**
**кIапэм,**
**Ущызауэм уемыпцIыжу напэм,**
**ЩIакIуэ кIапэм теджэла уи хьэдэр**
**Пэплъэххакъым напэншагъэ дыдэ.**

**Иджы уэ зэи вагъэбдзумэр**
**Щумыхьыжыну гъатхэ губгъуэм,**
**Техьэлъэу гуауэр я унагъуэм,**
**Адыгэр лъахэм щыпхуэщыгъуэрт...**

**Пасэрей адыгэ лIыхъужь щылъху,**
**КIасэгу лъэпкъ щхьэхуитым и**
**къуэ пажэ,**
**Фыплъэт: жьыми щыгъуэурэ зеущэху,**
**ЗауэлI нэсыр хьэдэу къытхуашэжыр.**

**О Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,**
**Пщэдджыжь пшэкIэплъым**
**пхокIыр лъы лъэужь.**
**Уи дзэр зауэм къикIыжащ хэщIыншэу,**
**Уи дзэм къытхуигъэзэжащ**
**уэрыншэу, Ридадэ!**
**О, Ридадэ, Ридадэ...**

**ЩIэплъыпIэм адэкIэ Iуащхьэжьым**
**зы Iуащхьэжьыр**
**Къыпоувэж, сатыру зэдекIуэкIыу.**
**Илъэсхэр блокI, зэманыр ирагъэкIрэ**
**Тщагъэгъупщэжу гъэпцIагъэм и**
**гужьгъэжьыр.**

**ЛIэщIыгъуэ дапщэ блэкIа, махуэ дапщэ!**
**Уэрэдыжьым ноби и щIалэгъуэщ,**
**ГуфIэгъуэкIэ зэхишэу дауэдапщэр,**
**Уэридадэр щоIу ди хьэгъуэлIыгъуэм!**

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ.

*Тхыгъэр зыгъэхьэзырар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**




## Къанщауэ Гъур

1501 гъэм Мысырым и сулътIан хъуар Биберд и къуэ Къанщауэ Гъурщ. Ар а къулыкъум илъэс 16-кIэ пэрытащ икIи куэдрэ еныкъуэкъуащ Тыркуми, Иранми, Португалиеми икIи хьэрып къэралхэр зэригъэбыдэным иужь итащ. И дзэр нэхъ лъэщ ищIын папщIэ, гъэр мин 13 къищэхуат, абыхэм я нэхъыбэр езыр зыщыщ Шэрджэс (Адыгэ) щIыналъэм иришат. Илъэс 75-рэ ныбжьым иту дунейм ехыжащ.

# Лэпс зэщIэт, мэлыл, джэш, кIэртIоф хэлъу

Мэлылыр яупщIатэ е зэпауд г 100 - 150-рэ хъууэ, псы щIакIэри ятхьэщI. Лыр шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящIри, дакъикъэ 20 - 25-кIэ ягъавэ. ИтIанэ абы халъхьэ джэш нкъуэвэ, шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету дакъикъипщIпщыкIутI хуэдизкIэ ягъавэ. Абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф, шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ.

Хьэнтхъупсыр хьэзыр хъуным дакъикъитху-хы фIэкIа имыIэжу бжьыныху-шыгъу, шыбжий сыр халъхьэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. Пщтыру фалъэ куукIэ Iэнэм трагъэувэ. ЩIакхъуэ, чыржын, пIастэ щIыIэ дашх.

*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):* мэлылу - г 150-рэ, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 600, джэшу - г 30, кIэртIоф укъэбзауэ - г 50, бжьыныхуу - г 20, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***



# ХъумпIэцIэджхэр

Мэзым, губгъуэхэм хъумпIэцIэдж Iуащхьэ куэд ущрохьэлIэ. Апхуэдэу Iуащхьэ гуэрым и хъуреягъым хъумпIэцIэджхэр щызэрызехьэрт. Языныкъуэхэм шхий цIыкIухэр ялъэфырт, адрейхэм тхьэмпэхэр яхьырт. Мис хъумпIэцIэдж зыбжанэм зы чымпэ ялъэф. ХъумпIэцIэджхэм я дежкIэ ар пкъоушхуэ хуэдэщ. Чымпэр щIым деж ягъэтIылъ. Абы и щIыIум аргуэру чымпэ, тхьэмпэ тралъхьэ. Апхуэдэурэ хъумпIэцIэдж Iуащхьэ мэхъу.

ХъумпIэцIэджхэр псори зэдолажьэ: псэупIэ яухуэ, мэщакIуэ.

ХъумпIэцIэджхэм гъэмахуэ псом увыIэгъуэ яIэкъым. ЩIымахуэм хъумпIэцIэдж Iуащхьэхэр мамыр мэхъуж. Я лъагъуэ цIыкIухэмкIэ ахэр щIы щIагъым щIохьэри, щIымахуэр икIыху абы щожей.

ХъумпIэцIэджхэр сэбэпышхуэ мэхъу. Абыхэм мэзым зэран хуэхъу хьэпIацIэхэр яшх.





# Цыжьбанэ шырхэр

Цыжьбанэ шырхэм, мастэм хуэдэу, банэ папцIэхэр щIэх къатекIэу хуожьэ. ТхьэмахуитI докIри, я дзэхэр къокI. А зэманым ирихьэлIэу а цIыкIухэм топым ещхьу зызэрагъэпщхьэф мэхъу. Цыжьбанэ шырхэм я нэхэр къызэрыпщIу, ахэр гъуэм къопщ, ауэ иджыри мэшынэри зым адрейм зрекъузылIэ.

Ин хъуа иужьи щалъхуа щIыпIэм цыжьбанэхэр куэдрэ щыболъагъу.

**МЭЛЕЙ ФатIимэ**.

# Псэмрэ гумрэ я хъугъуэфIыгъуэхэр

Бзэм зыщиужьыр лъэпкъым IуэрыIуатэ лъэщ щыбгъэдэлъырщ, ар езы лъэпкъым мычэму къыщигъэсэбэпырщ, иджырей лъэпкъ литературэ нэсыр щищIэрщ, бзэ дахэкIэ тхэ литераторхэм я IэдакъэщIэкIхэр къытригъэзэжурэ щыщIиджыкIырщ, абыхэм я бзэ дахэр щыIурылъырщ. (Ар тэмэму къыщыхъужу, бзэ, литературэм и бий реализм (уеблэмэ натурализм) егъэлеям тету зи тхыгъэхэр зыухуэ, къэзыгъэщI, зи лIыхъужьхэр уэрам псэлъэкIэкIэ зыгъэпсалъэ, иджырей зэманым щытепсэлъыхькIи архаикэр къигъэсэбэпу бгъэныщхьэ унэм ущIэзышэ, бгъуэнщIагъым ухуэзышэж литераторхэм я гугъу тщIыркъым, апхуэди диIэщ). Зызыщыбдзеин хуей бзэри къэцIыхугъуейуэ щыткъым: къызэрыгуэкIыгъэ-щIэныгъэншагъэр (пэжырытхэ-пэжырыпсалъэм къытекIыу зэхъуэкIауэ, мытэмэму къэпсэлъыныр), нэмысыншагъэр зэбэкI бзэ фаджэр, гуемыIур, дауи, литературэбзэкъым. Литературэбзэ жиIэмэ къикIыр - тхыбзэ мардэ зиIэж, щапхъэу къыхэха лъэпкъпсо бзэ щыпкъэ жиIэу аращ. Лъэпкъыбзэм зиужьын щхьэкIэ узыхуейри зыщ - а бзэм къызэрыгуэкIыу урипсалъэ къудей мыхъуу, узыщыгъуазэу щытын хуей лъэпкъ литературэбзэм и щапхъэ дахэхэр къэбгъэсэбэпынырщ.

**ХЬЭТУ Пётр**.

# Зыр сшхыуэ адрейр сукъэбзыху, сымэжэлIэжурэ

Хуабжьу мэжэлIауэ Хъуэжэ я унэ къэкIуэжащ.

- Уэлэхьи, фызыфI, сыкъэмэжэлIам, хьэзыр щыIэм, псынщIэу къэхьи сызыIурыгъэу, ахъумэ... - жиIэри и щхьэгъусэм еджащ.

Мыукъэбзауэ гъэвауэ кIэртIоф цIыкIу дыдэу зы тепщэч из фызым къихьри, Хъуэжэ къыбгъэдигъэуващ. Хъуэжэ зы кIэртIоф цIыкIу иукъэбзри ишхащ. ЕтIуанэр иукъэбзыну щIидзэри, абы пэрытыху, ишхар щыгъупщэжащ. Хуэмышэчыжу, мо мэжэлIэщар, и щхьэгъусэм текIиеу къыщылъэтащ.

- Уэ, си хъарыпыжь мыгъуэ, хэт дяпэкIэ пхуэлэжьэжынури, узыпIыжынури, хэт вэнури, хэт сэнури, фызабэ къабзэу укъысхуэнакъэ иджы.

- Сыт на-а-а, къэхъуар? - жиIэу фызыр гъынанэу къыпежьащ.

- Зыр сшхыуэ адрейр сукъэбзыху, сымэжэлIэжурэ, си гъащIэр мы Iэнэ цIыкIум сыбгъэдэсу есхьэкIын хуей хъуащ иджы, - жиIэри Хъуэжэ кIэртIоф жьгъей цIыкIухэр хуэмурэ иукъэбзу тIысыжащ.

Хъуэжэ и щхьэгъусэми кIэртIоф мыукъэбзахэр зэригъэвам хущIегъуэжауэ, ар Iуихыжри, нэгъуэщI шхынхэр къыхутрилъхьащ.

**КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку**.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Лы къыIэрымыхьам ... и дзэр егъэш. **6**. ... гъуэгу утехьэмэ, махуищ гъуэмылэ здэщтэ. **7**. ... зиIэм уахъты иIэщ. **8**. ... щIопщыншэщи, пхъащIэ уэщыкIыншэщ. **9**. ... щагуэшкIэ зэхуолъри, гъунэ щралъкIэ зокIуж. **10**. ... зэуар аркъэным щощтэ. **11**. Уи фызыр фIымэ, джэгу умыкIуэж - махуэ ... уи джэгущ. **13**. ... зиIэм укIытэ иIэщ. **14**. ..., цIыхум укъащIэнщ. **15**. ... жьакIуэм нэхъыбэ къыхех.

***Къехыу:*** **1**. Зыхуащlэ нэхърэ ... **2**. ... зиIэм жагъуэгъуи иIэщ. **4**. ... и щIагъ дыщэ пщIащэ щIэлъщ. **5**. ..., щIалэ хуэдэу щыт, удадэмэ, дадэ хуэдэу щыт. **11**. ..., си хъыджэбз, зэхэщIыкI, си нысэ. **12**. ... Iуэху бзу кIагуэщ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

### *Мэкъуауэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр*

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Джэду. **3**. Чынт. **5**. Iэмбатэ. **7**. Шху. **9**. Пэ. **12**. Амыщ. **13**. IупщIэ. **15**. Зэ. **16**. Куу. **18**. Абазэхэ. **21**. Лыгъэ. **22**. Нэпкъ.

***Къехыу:*** **1**. Джэрш. **2**. Ужьэ. **3**. Чэт. **4**. Тхъусэ. **6**. Бакъ. **8**. Хущанэ. **9**. Пхъэшку. **10**. Пыл. **11**. Гъупщ. **14**. Без. **15**. Заул. **17**. Уэркъ. **19**. Бгъэ. **20**. Хон.





# И щхьэр и лэжьыгъэм егъэлъапIэ

**Жылэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа, и пщIэр зыIэта цIыху щэджащэ куэд къыдэкIащ Хьэтуей къуажэ цIыкIум. Абыхэм я зэфIэкIыр яIэту, я ехъулIэныгъэхэр даIыгъыу, езыхэри ягъэлъапIэу къуажэм щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэ зэхыхьэ гуапэ иджыблагъи зэхашат - КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъум, абы теухуауэ къыдэкIа «Гъуэгу къыхихам хуэпэжу» тхылъым и лъэтеувэм хуэгъэпса пшыхь. Ар игъэхьэзыращ икIи иригъэкIуэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ БищIо Мафурэ.**



ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ Хьэтуей къуажэ администрацэм и унафэщI **ДзыхьмыщI Анзор**.

- Адыгэбзэр джыным, егъэфIэкIуэным, абы зегъэужьыным Борис и гуащIэшхуэ хилъхьащ, бзэщIэныгъэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм зэрыжылэу дрогушхуэ. Лъэпкъхэр зэрызэхэпцIыхукI нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ бзэр, абы и хъумэныр къалэн зышызыщIыжа БищIом зэфIигъэкI лэжьыгъэм и щхьэр егъэлъапIэ. Ди жылэм дэскъым ди анэдэлъхубзэр зи жьэгум дэмылъ зы унагъуи. Абдеж къыщежьэ бзэм зыщрагъэужь курыт еджапIэми, абы и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэми лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI. Бзэм и лъапIэныгъэр нобэкIэ фIыуэ къыдгуроIуэ, адэкIи ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, зыхъумэжыфын лъэпкъ Тхьэм дищI, Борис и лъагъуэм ирикIуэн щIэблэ куэду диIэну ди гуапэщ, - жиIащ абы.

Лэскэн район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Едгъул Залинэрэ** Хьэтуей къуажэм дэт курыт еджапIэм и директор **Гупсешэ Залинэрэ** я къэпсэлъэныгъэхэм къыхагъэщащ урысыбзэр нэхъ текIуэу адыгэбзэр нэхъ щытрагъэкIуэт зэман дызыхуэкIуам Борис ди анэдэлъхубзэм зегъэужьынымкIэ, абы и пщIэр IэтынымкIэ хуабжьу лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр, адыгэ тхыбзэм и тхыдэм абы къыпхуэмылъытэну хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIыр, щIэныгъэлIым и гъащIэ гъуэгуанэр щIэблэм я дежкIэ щапхъэ зэрыхъур.

- БищIо Борис хуэдэхэр зырызщ. А псалъэхэм сэ сыткIи щыхьэт сытехъуэфынущ, дызэрысабийрэ абы и дуней тетыкIэм сыщыгъуазэщи, - жиIащ щIэныгъэлIым и классэгъуу щыта **Нот Хьэсэнбий**. - Абы и гъащIэ псор хуигъэпсащ адыгэ лъэпкъым. Борисрэ сэрэ зы хьэблэ дыкъыщалъхуащ, дыкъыщыхъуащ, зы классым дыщIэсащ. Ар школым фIы дыдэу щеджащ, икъукIэ дихьэхырт литературэм, зэхуэдэу фIыуэ къехъулIэрт адыгэбзэри урысыбзэри. АбыхэмкIэ дерсхэм классым щIэсхэм нэхърэ нэхъыбэрэ Борис жэуап щитырт. СощIэж, зыгуэр тхылъым къеджэн хуей хъуамэ, ар зи пщэ иралъхьэр Борист, апхуэдизкIэ гупсэхуу, гугъэзагъэу ар абы ищIэрти, дэ, цIыкIухэр, псори дыдихьэхауэ дедаIуэрт. Зы махуи блигъэкIыртэкъым ар библиотекэм щIэмыхьэу. Къуажэми школми я библиотекэхэм ар зэмыджа тхылъ къыщIэнауэ къыщIэкIынкъым. Псым и жапIэр езым къегъуэтыж, жаIэ. Борис адыгэбзэм хуиIэ лъагъуныгъэм хуишащ нобэ зыхуэIэижь бзэщIэныгъэм икIи ехъулIэныгъэфIхэр абы щызыIэригъэхьащ. Адыгэ лъэпкъым и пщIэр дуней псом лъагэу щызыIэтахэм уащыщщ, уи цIэр фIыкIэ жыжьэ щыIуащ. Шэчыншэщ уи къуажэгъухэр уи зэфIэкIым дызэрыригушхуэр. Сынохъуэхъу илъэс куэдкIэ уузыншэу адыгэ лъэпкъым ухуэлэжьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ и нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ **Тэтрокъуэ Астемыр** Борисрэ езымрэ я зэныбжьэгъугъэр къызэрежьам теухуа гукъэкIыжхэмкIэ къыщIидзащ и къэпсэлъэныгъэр. Абы къызэрыхэщамкIэ, илъэс щэ ныкъуэ и ныбжьщ а тIум я зэныбжьэгъугъэм. 1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэгъусэу щIэтIысхьащ икIи абы щегъэжьауэ къызэдогъуэгурыкIуэ.

- Борис хуэдэ цIыху срихьэлIакъым: и хьэлкIэ, и щэнкIэ, и цIыхугъэкIэ, къапщтэмэ, и дуней тетыкIэкIэ дагъуэ щIыхуэпщIын бгъэдэлъкъым, - жиIащ Астемыр. - ДызэрызэрыцIыхурэ а зы щытыкIэм тетщ ар. Къэдгъэгубжьыну, и пIэ къитшыну баз куэдрэ дыщызэпихьа щыIэщ, ауэ зэи а зытет шыIэныгъэм къытхутешакъым. ФэрыщIагъ хэлъкъым. ИгукIи и псэкIи цIыху дахэщ. «Абы и гъусэу тIасхъэщIэх укIуэ хъунущ», - жаIэу псэлъафэ щыIэщ. Ар зыхужаIэхэм ящыщщ БищIор. Сыт хуэдэ гъуэгуани утехьэ, сыт хуэдэ Iуэхуи ухыхьэ хъунущ абы и гъусэу. УкъыщIэхуэнукъым, укъигъэпэжынущ, и блыпкъыр къыппэщIигъэкъуэнущ. ЦIыхушхуэу къытщыхъуахэр дызэримыгугъауэ къыщыщIэкIыж щыIэщ. Абыхэм яхуэдэкъым Борис. Адыгэбзэр зыIурылъ цIыху дунейм тетыху абы и лэжьыгъэр кIуэдынукъым, и зэфIэкI зрихьэлIа, и гуащIэ зыхилъхьа псэлъалъэхэр сыт хуэдэ зэманми хэпсэукIынущ, абыхэм я гъусэу БищIо Борис и цIэри жаIэнущ. Сохъуапсэ фи жылэм, апхуэдэ цIыху телъыджэ къызэрыдэкIам щхьэкIэ.

- Фи къуажэм и тхыдэм ухэплъэмэ, лIыфI куэд къыдэкIащ, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ узэрыгушхуэну, - къыпищащ Тэтрокъуэм и псалъэм филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Гъут Iэдэм**. - Мы къуажэм сыщыщащэрэт, сыщымыщми, зыгуэркIэ сегъэщIылIауэ щытарэт щIыжыпIэн Iуэхугъуэф куэд фи тхыдэм хызолъагъуэри, Тхьэм фригъэфIакIуэ. Нобэм и гугъу пщIымэ, жылэм укъыщыдыхьэм тлъэгъуа къудейм и закъуэ «къуажэм сыдэсащэрэт» жыуигъэIэу фыхъуэпсэгъуэщ. Фи пщэдейм сыкIуэцIрыплъыну сыблэгъуапльэкъым, ауэ мыбдежым щыс ныбжьыщIэхэм сахоплъэри, хьэкъыу си фIэщ мэхъу си нэм къилъагъухэм ящыщ гуэрхэр тхакIуэшхуэ, щIэныгъэрылажьэшхуэ, инженерышхуэ зэрыхъунур. Борис и гугъу сщIынщи, зи цIэр нэхъ жыжьэ Iуауэ къуажэхэм къыдэкIахэм ябгъурыуващ ар. ДыщогуфIыкI, дрогушхуэ абы и ехъулIэныгъэхэм. НэхъыщIэу щытми, япэ ита нэхъыжь зыкъомым ящхьэпрыкIыжащ. Дэри ди япэ итущ къызэрыслъытэр. Ар псалъэ гъущэу щымытын щхьэкIэ: Борис адыгэбзэм елэжь гупым я пашэ щыхъуам щегъэжьауэ а унэтIыныгъэм и Iуэхур нэхъ къызэщIэрыуауэ, зыкъригъэIэтауэ зэрыщытыр хьэкъыу сэ сощIэ, си нэкIэ слъэгъуащ. Япэ итахэм зэхамыгъэкIауэ, адыгэбзэм ехьэлIауэ мыубзыхуауэ къэна гугъуехь зыбжанэр зэзыгъэзэхуар БищIоращ. Абы къыкIэлъыкIуэу псалъэгъэнахуэ зыбжанэ а гупым я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Борис зэлэжьыр адыгэбзэщ, дэри дызыхуэлажьэр адыгэбзэращ. Дэ, адыгэр, зы IэмыщIэ из фIэкIа дыхъуркъым, дунейм мелуан бжыгъэ хъу лъэпкъхэр тетщ. А лъэпкъышхуэхэм я бзэм дытехьэжмэ, мынэхъыфIу пIэрэ жызыIэхэр щыIэщ. Мы дуней дызытетымкIэ зэ зыкъэдвгъэгъази девгъэплъыжыт: цIыхур къэтщтэнщи, зыр нащхъуэщ, адрейр нэ фIыцIэщ, хэт и щхьэцыр сырыхущ, хэти фIыцIэщ, дыщыпсэу щIыпIэм сэтеи къурши иIэщ, псым уэруи, чэнжуи, къабзэуи, шэдуи урохьэлIэ. Мы Алыхьышхуэм а псори зэщхьыркъабзэу хуэмыщIыну пIэрэт?! ХуэщIынт, ауэ абы щыгъуэ гъащIэ щыIэжынутэкъым. Зэмыщхь куэду дызэхэмытмэ, дэтхэнэми къызыхэкIар имыгъэлъэпIэжмэ, къыпимыщэмэ, абы щыгъуэм дунейр къутэжыну аращ. Ди бзэр фIыуэ щIэтлъагъун хуейр мы гъащIэр мыкIуэдыжын щхьэкIэщ. Борисрэ абы и гупымрэ зыхуэлажьэр мис а зэмыщхьыныгъэр, дэ дызыщыщыр, ди къежьапIэр яхъумэну, ягъэбэтэну, зрагъэужьыну аращи, Тхьэм иригъэфIакIуэ. Фи къуажэгъу щIэныгъэлIым хузэфIэкIым хуэдэ зылэжьыфын, абы ефIэкIыжын куэд фи жылэм къыдэкIыну си гуапэщ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **БакIуу Хъанджэрийрэ** БищIо Борисрэ гъуэгуанэ зэдытехьауэ зэрыцIыхуауэ щытащ.

- Илъэс 19 ипэкIэ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIэныгъэлI гуп Тыркум япэ дунейпсо конференц щыIэу дыкIуат, - жиIащ БакIуум. - Абы щыгъуэм Борис шумэданэшхуэ иIыгът. Сыкъеплъри: «Уей, мы къэбэрдей щIалэжьым хьэпшып зыкъом Тыркум къыщищэхуну къэкIуауэ къыщIэкIынмэ», - жысIэри, апхуэдэфэ есплъат япэу щыслъэгъуам. АрщхьэкIэ шумэданэм и щыгъын зэхъуэкIым къищынэмыщIауэ, нэхъыбэу дэлъар тхылърэ абы щыпсэухэм яхуихьа саугъэтхэмрэт. Абы щыIэхуи зы тыкуэн щIыхьакъым. И зэпIэзэрытагъымкIэ, и акъылымкIэ сыкъыдихьэхауэ алъандэрэ дызэныбжьэгъущ. ЦIыхугъэшхуэ хэлъщ. Пэжым и телъхьэу, и Iуэху еплъыкIэр пхигъэкIыфу щытщ, икъукIэ лэжьакIуэшхуэщ. ЦIыхур фIыуэ елъагъу, езыхэри апхуэдэ дыдэу къыхущытыжщ.

Борис и хьэблэгъуу икIи и унэцIэджэгъухэу **МуIэедрэ Мафурэрэ**, **Тохъу Мухьэмэд**, курыт еджапIэм къыщыдэлэжьа **Бетрожь Ибрэхьим** сымэ жаIэжхэм къыхэщащ ар цIыху гуапэу, гумащIэу, и гулъытэр дэтхэнэми лъигъэсу, зыпэрыхьа Iуэхур нэгъэсауэ зэфIигъэкIыу зэрыщытыр.

ЕджакIуэхэм къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ «Гъуэгу къыхихам хуэпэжу» тхылъым щIэныгъэлIым теухуауэ ит тхыгъэхэм ящыщ зыбжанэм.

ЗэIущIэм и кIэм Борис ар къызэзыгъэпэщахэми абы къырихьэлIахэми фIыщIэ яхуищIащ и щхьэр лъагэу зэрырагъэлъагъужам, пщIэ къызэрыхуащIам папщIэ. Къуажэ администрацэм и унафэщI ДзыхьмыщI Анзор и къуажэгъу лъапIэм тыгъэ хуищIащ адыгэ щIакIуэрэ пыIэрэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ «Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №1280